



Byen chè .....  
Se pou kè poze, sa ki bon,  
renmen ak tandrès  
rete nan kè w.  
Ak tout kè m, .....

# Relasyon Lanmou





## SANTE NOU PANDAN MIL PREMYE JOU YO

Moun save nan lasyans yo fè kèk etid ki montre swen yon moun pran pandan mil premye jou yo apre li sot nan vant manman l, gen konsekans sou sante moun nan pou tout rès lavi li.

$$\begin{array}{r} 270 \text{ jou ( = 9 mwa ansent )} \\ + 365 \text{ jou ( premye lane lavi )} \\ + 365 \text{ jou ( dezyem ane lavi )} \\ \hline 1000 \text{ jou} \end{array}$$

**Gade nan do fèy sa pou wè kòman premye swen sante yon moun resevwa rete make lavi moun nan gason tankou fi.**

Pou konnen pi plis kichòy sou Pastoral Timoun Piti yo ak aktivite lap mennen yo, ale pale avèk Ajan pastoral ki nan kominote lakay ou a. Enfomasyon nou jwenn nan dokiman sa a, n ap jwenn yo tou sou sit entènèt sa a:

[www.pci.org.br](http://www.pci.org.br)

**1A**

## 270 jou (9 mwa ansent)

### Pwoblèm nou ka rankontre

- Ti bebe ki pa grandi byen nan vant manman yo oswa ki fèt avèk yon pwa ki fèb (pi ba pase 2,5 kg), lè ti bebe sa vi n gran moun, li gen pli risk, plis chans pou li fè dyabèt, obezite, kolestewòl, ipètansyon ateryèl, osteopoz, maladi ren ak maladi kè lè li komanse granmoun.
- Timoun ki fèt 2 senmenn anvan dat yo te dwe fèt la gen 120 pousan plis chans pou yo gen pwoblèm pou yo respire.
- Lè se sezaryèn doktè blije fè pou l pran yon timoun nan vant manman l, timoun sa e menm manman an tou gen 4 fwa plis chans pou l fè enfeksyon apre akouchman an e 3 fwa plis chans pou malad enpi tou pou manman an mouri.

## 365 jou + 365 jou ( se 1<sup>e</sup> ak 2<sup>e</sup> ane lavi a )

### Pwoblèm nou ka rankontre

- 1<sup>e</sup> ane a: timoun ki tete, ki bwè lèt manman pa soufri ipètansyon ateryèl, dyabèt, obezite nan adolesans ni lè yo granmoun.
- Timoun 2 zan ki gen yon pwa fèb gen plis chans pou li dyabetik lè l granmoun.

### Kijan pou pran swen

- Ale nan sant sante pandan ou ansent la, sitou fanm ansent ki pòv epi ki depase trant (30) tan.
- Pa fimen, pa bwè alkòl, pa pran okenn dwòg.
- Manje manje ki sen.
- Pote gwosès la jis rive nan dat li, enpi fè yon akouchman nomal.

### Kouman pou pran swen

- Alètman matènèl.
- Alimantasyon sèn.
- Bon abitud nan kesyon ijyèn.
- Vaksen.
- Bay afeksyon ak atansyon Pale avèk timoun nan enpi ba li okazyon pou li ka jwe.



## 1<sup>e</sup>, 2<sup>e</sup> AK 3<sup>e</sup> MWA ANSENT LAN

Kòman nou te santi nou, ou menm ak konpay ou an lè nou te konnen nou te pral gen yon tibebe? Nou te kontan, kè-n te sote oubyen nou te pran sa o serye?

Nenpòt jan w ye, èske w panse ou kapab rakonte yon zanmi w sa w santi?

**Ou se yon gwo sous lanmou Bondye!  
Vant ou dwe yon tanp kote ki gen sante,  
lanmou ak lapè pou bebe a.**

*Manman, m piti toujou, men mwenn kontan pou m la avèk ou!  
Kè m gen tan ap bat epi li fè san mache nan tout kò m.  
Pou m ka grandi epi tou pou m fèt ak yon gwosè nòmal,  
li enpòtan pou w pran swen w epi pou w manje byen. Ok?*

Souvan fanm ansent lan pa pran anpil tan pou sot nan kè kontan al nan lapenn. Li ka anvri kriye epi li ka santi l anksiyez. Se tout chanjman òmon ki nan kò-l yo ki lakoz sa. Pandan mwa yo ap pase, tout sansasyon sa yo ap bese.

Li ka santi-l pi fèb oubyen li ka endispoze si li chanje pozisyon twò vit ou si li pase yon bon tan san manje. Manje anpil fwa nan jounen an enpi tou repoze w lè w kapab.

Nan premye mwa ansent yo, li nòmal pou w santi vètij oswa tèt vire enpi tou pou w anvri vomi. Pou sa pa rive, se pou ou manje pen sèk oubyen galèt granm maten epi pa manje manje ki gen twòp grès oubyen ki twò pike.

Ou mèt konte sou mwen, mwen menm ki se yon Ajan Pastoral Timoun Piti: m pral koute-w epi m pral di-w sa m konnen.

**Chèche depi kounyeya sèvis sante a pou ka swiv lopital anvan timoun nan fèt.**





## ALE NAN SANT SANTE PANDAN OU ANSENT LAN – POUKISA LI ENPÒTAN?

*Manman, lè wap pran swen sante w, se swen pa m nan ou pran tou.  
Konsa wap santi w byen epi mwen menm map fèt djanm!*

**Men-w pi kontan kounye a, w ap pote yon lòt lavi nan kò-w!**

Ale nan sant santé pandan ou ansent la se yon atansyon medikal pou fanm ansent yo. Nan atansyon medikal sa, wap resevwa direksyon ak swen pou w ka pwotege sante w ak sante tibebe a.

Pou pa gen risk, fòk ou fè pou pipiti 4 konsiltasyon anvan timoun nan fèt. Danje nan gwosès se yon gwosès ki kapab konplike si gen yon pwoblèm oubyen yon maladi.

Lè w pral kòmanse sèvis sante anvan timoun nan fèt la, fich konsiltasyon yo ap depann de tan gwosès ou a ap pran.

Ou dwe resevwa fich (kanè oubyen livrè) fanm ansent lan denpi nan premye konsiltasyon ou fè anvan timoun nan fèt la. Pote l chak fwa w pral nan sèvis sante a, paske sa ap pèmèt yo ekri sou li tout sa ki rive w pandan gwosès ou an. Epi sa ap ede w pou ou ka resevwa yon pi bon atansyon medikal.

Nan konsiltasyon yo anvan timoun nan fèt la, ou pral :

- Konnen kijan sante w ye;
- Konnen kijan tibebe a ap grandi;
- Konnen omwen ki lè wap fè tibebe a;
- Pi byen konnen ki kalite manje pou w manje epi tou ki kalite swen ou dwe pran;
- Egzamine tete w yo pou w ka wè si yo pa fè yon boul di pou ka fè egzamen kont maladi kansè nan kòl matris la, si ou gen yon lane depi ou te fè egzamen sa a;
- Resevwa vitamin fè pou anpeche anemi;
- Y' ap konseye w pou ou resevwa vaksen kap anpeche w fè tetanos, si w poko resevwa tout dòz yo.

Sante manman ak sante tibebe a mache avèk  
yon bon egzamen anvan tibebe a fèt.



# SIY DANJE – FANM ANSENT LAN

Ale lopital touswit si youn nan siy sa yo parèt



Vomi tout sa w  
manje oubyen bwè



Men w ak pye  
w anfle



Lè 7 mwa a rive,  
veye pou wè si  
tibebe a pa fè  
okenn mouvman  
oubyen si lap fè  
twòp mouvman.



Gwo fyèv /  
tèt fè mal



Si w ap bay san



W ap Pèdi likid



Gen 2 maladi ki ka bay sante fanm ansent lan ak tibebe a pwoblèm. Yonn ladan yo se ENFEKSYON IRINÈ; si li pa trete bonè, li ka bay maladi nan ren, oubyen li ka lakòz avòtman epi tou lap lakòz tibebe a fèt anvan lè l rive.

Pou anpeche w fè enfèksyon irinè, bwè anpil epi ale nan twalèt chak fwa ou gen pipi, pa kenbe yon ti gout nan pipi a nan kò w.

Yon lòt maladi ki ka parèt pandan gwosès la, se EKLANMSI. Maladi sa bay fanm ansent la tèt fè mal epi tou figi a, men yo ak pye yo vin anfle anpil. Si w ta wè sa rive w, ale lopital la vit epi èsplike sa w santi.

Si maladi sa yo trete rapid, pap gen twòp gwo konplikasyon nan gwosès la.

Menm lè pi fò gwosès pa gen pwoblèm, li toujou bon pou yon moun konnen ki kote pou l ale si ta gen yon pwoblèm. Poze kesyon sou tout bagay sa yo nan konsiltasyon pandan w ansent la.

**Pale avèk fanmi w, zanmi w yo, vwazen w yo pou ou konnen kiyès ki kapab ede w si gen yon pwoblèm ki ta rive epi tou kòman pou ou rive lopital la oubyen nan sant sante a byen vit.**



## 4<sup>e</sup>, 5<sup>e</sup> AK 6<sup>e</sup> MWA ANSENT LAN

Anemi an se yon maladi kouran tout moun konnen nan yon gwosès. Anemi an bay fatig, li fè w pa santi w te ka fè anyen epi li retire apeti w. Pou ti bebe a, anemi an lakòz li fèt ak yon pwa ki pi piti pase sa l te dwe genyen epi li tou fèb lè li fenk fèt.

Pou ou pa souffri anemi, menm lè w ap manje manje ki natirèl, fò w pran silfat fè yap preskri w nan konsiltasyon lè w al nan sant sante pandan ou ansent la.

Pou w evite gaz, kè brile ak move dijasyon, manje dousman pandan wap byen moulen manje yo.

### **Afèksyon tibebe a jwenn nan vant manman I se yon siy dousè ak lanmou Bondye!**

*Manman, kounyeya mwen ka fè mouvman, mwen ouvri zye-m, mwen fèmen yo, mwen souke men-m yo, map bay kout pye, map niche dwèt mwen, map fè jès. Mwen konn vwa pa w avèk vwa papa m. Mwen renmen lè nou pale avè m, mwen santi sa lè w ap karese vant manman m.*

Nou fasil rankontre fanm ansent ki gen pye yo anfle epi tou ki gen varis ki parèt sou janm yo. Sa rive paske matris la ap grandi epi lap fè presyon sou kèk venn nan vant lan, sa ka anpeche san ki nan janm yo retounen nan kè a.

Pou Pemèt pati ki gonfle yo kapab dezanfle, se pou ou mache, pa rete chita oubyen kouche twòp. Lè ou kouche, mete yon sipò anba jamb yo pou soulve yo yon tijan piwo.

Pran swen dan w yo! Pa manje manje ki twò dous pou dan w pa gate ni pou ou ta gen pwoblèm nan jansiv ou yo.

Bwose dan w, lang ou ak jansiv ou chak lè w fin manje epi tou sèvi ak fil dantè omwen yon fwa nan jounen an.

Li nòmal pou jansiv yo senyen akòz òmon gwosès la. Menm si sa rive, toujou kontinye byen netwaye bouch ou epi tou al wè yon doktè dan nan sant sante kote w al konsilte a.

**Ou kapab sèvi ak yon fil akoud byen gwo nan plas fil dantè a oubyen ti bann tou fèn sak lèt oubyen sak plastik ki pwòp.**





## JAN FANM ANSENT LAN MANJE

*Manman! Mwen grandi epi mwen gwosi plis! M ap kontinye grandi epi gwosi. Mèsi paske w pran swen m byen konsa! M pa wè kilè pou m bò kote w, pou w karese m epi ban m afèksyon!*

### Ou plen ak "lagras"! Se limyè Granmèt la ki soti anndan ou.

Ou dwe manje manje ki bay fòs, avèk yon ti sèl epi yon ti sik, ki gen anpil fè, vitamin C, vitamin A, yòd epi kalsyòm pou-w kapab rete an sante, pou tibebe a grandi epi fèt avèk yon bon pwa.

**Fè** a ede nou kombat anemi epi tou nou jwenn li nan vyann, nan trip yo, nan pwa ak yon bann lòt legim tankou pwa tann, fwi ki sèk yo, nwa epi pistach. Li pi bon pou sante nou, lè nou manje manje ki gen fè a, ak lòt manje ki gen vitamin C ak vitamin A nan menm manje a.

Lè w bwè kafe, te, mate, te nwa, lèt, rafrechisman oubyen lòt bagay ki fèt ak chokola anvan w manje sa lakòz kò a difisil pou l pwofite fè ki gen nan manje yo.

**Vitamin C** a ede maleng yo geri, li anpeche enfèksyon ak emoraji. Ou jwenn li nan fwi ak fèy vèt kri yo.

**Vitamin A** a ede nou kont dyare ak enfèksyon, li pwoteje zye epi li ede tibebe a grandi nan matris la. Nou jwenn li nan legim koulè oranj ak legim rouj, fèy vèt fonce, fwi jòn ak palmye, lèt, fwomaj, jòn ze.

Yòd la bon anpil pou tibebe a grandi. Nou jwenn li nan pwason, fwi ki nan lanmè ak sèl yo fè manje.

Kalsium nan ede fòme zo yo ak dan yo epi li kenbe w anfòm. Nou jwenn li nan lèt, fwomaj, lèt kaye, yawout, fèy vèt fonce ak ti pwason.

Manje plizyè kalite manje ki gen anpil fèy vèt, legim ak fwi, se yon manje ki fòrtifyan paske li gen anpil vitamin ak eleman natirèl ladan.





## ALKÒL AK DWÒG, PLIS YO PI LWEN, PLIS L AP PI BON

*Manman! Mwen renmen w anpil e mwen santi ou menm ou renmenm tou. Pa fè bagay ki kapab mete bonè nou ak sante nou an danje, ok? M ap bezwen fòs ak egzanp lavi w anpil pou m vin yon bon moun.*

**Lè w manman se pi gwo esperyans Bondye ki Kreye tout bagay la!  
Lè w manman se zèv Bondye yo w ap kontinye!**

Tabak avèk alkòl menm si la lwa pa defann yo, yo se dwòg ki kapab bay fanm ansent lan ak tibebe a anpil pwoblèm.

Tabak ka lakòz fanm ansent la fè avòtman ak emoraji. Tibebe ka fèt twò bonè oubyen twò fèb, li kapab gen pwoblèm pou l respire epi pwoblèm nan kè, li ka mouri mò sibatou.



Lè fanm ansent la ap bwè bwason ki gen alkòl, li gen tout chans pou l fè avòtman. Tibebe a ka fèt avèk yon pwa pipiti pase sa l dwe genyen, li ka fèt ak maladi tranble, li ka fè l nève, li ka pa tete byen epi mal dòmi tou.

Tibebe yo ki fèt avèk alkòl nan san yo epi ki rive viv premye jou yo aprè yo fin fèt la, kapab genyen pwoblèm nan kò yo ak nan tèt.

Si fanm ansent lan ap pran dwòg tankou mariwana, kokayin, krak ak anpil lòt ankò, li kapab fè avòtman oubyen li akouche anvan lè-l.

Dwòg sa yo kapab bay tibebe a anpil pwoblèm lè l ap grandi, li ka gen pwoblèm pou l respire epi tou pwoblèm nan sèvo l ak nan kè li.

Fè anpil atansyon ak penti yo epi kòl dissolvants. Bagay sa yo kapab nwi sante nou ak sante tibebe a.

**Gen kèk medikaman ki ka lakòz tibebe a pa grandi byen lè li nan matris la. Pou sa pa rive, se pou nou sèvi sèlman ak medikaman doktè kap okipe fanm ansent la komande l pran.**



## 7<sup>e</sup>, 8<sup>e</sup> AK 9<sup>e</sup> MWA GWOSÈS LA

Kolostwòm nan se yon lèt jòn ki kapab kòmanse soti nan tete a. Se yon bagay ki nòmal. Lè tibebe a pral fèt, lèt sa ap yon vrè sous sante pou li.

Si nou genyen yon gwo travay pou nou fè epi nou fatige twòp, tibebe ka fèt anvan lè a rive. Li enpòtan pou mari nou ak lot moun nan fanmiy lan ede nou fè travay nan kay la oubyen nan bagay ki kapab itil.

**Pitit ki nan vant ou a beni,  
ou se senbòl prezans Bondye Granmèt la.**

*Manman! Mwen gen tan grandi.  
Mwen ka louvri e fèmen je m yo ak menm yo.  
Talè n ap ka gade youn ak lòt an fas!  
Pa enkyete w tout bagay ap pase byen!*



Tou depan gwosè vant lan, fanm ansent la ka gen emowoyid. Se varis twou dèyè a. Si li konstipe, varis yo ka vin pi mal.

Pou trip ou byen fonksyone, fòk ou bwè anpil, mache epi manje manje ki gen anpil fib tankou: salad fèy vèt fonse (itilize ni bwa fèy yo ki pa twò di), fwi, fèy vèt, awwàn, farin sèg ak anpil lòt manje ki fèt nan rejyon an.

Akouchman an se yon moman ki enpòtan nan lavi manman an ak lavi tibebe a. Pandan w ap tann tibebe a fèt la ou preokipe, sa ka lakòz ou pa byen dòmi.

Lè w pale sou preokipasyon sa yo ak mari w, fanmi w epi zanmi w yo, sa kapab soulaje w nan enkyetid ou yo. E mwen menm ki se Ajan "*Pastoral Timoun Piti*", mwen vle koute tout enkyetid sa yo tou.

**Anvan dènye mwa a rive, planifye avèk mari w, paran w yo, zanmi w ak vwazen w yo pou wè davans kòman w pral fè pou ale lopital oubyen nan sal akouchman an.**





## SIY KI MONTRE LÈ AKOUCHMAN AN RIVE

*Manman! M prèske rive. M pa wè ki lè pou m ta bò kote w, nan bra w epi pou m ta santi w ap banm afèksyon, ni papa m ak tout fanmi m yo.*

**Lè w aksepte fè yon tibebe, se vizaj tandrès Bondye ou montre tout moun!**

Siy ki montre w akouchman an preske rive yo pa menm pou chak fi, siy sa yo ka pa menm tou pou tout akouchman. Si se premye pitit, travay akouchman an ap pran plis tan epi li dire plis.

Men kèk siy ki montre lè akouchman an preske rive:

- Doulè soti nan zepol rive nan pati anba vant la.
- Pèdisyon yon bon kantite dlo kap soti nan bouboun ou, nan moman pòch dlo ki te kenbe tibebe a chire.
- Kontraksyon yo, sa vle di se lè vant lan vin di aprè sa li vin soup. Kontraksyon yo kòmanse dousman, epi aprè yo vin pi fò pi dri.

Si ou rete tou pre lopital ou byen matènite a, ou ka tann kontraksyon yo vini chak dis minit.

Si ou rete pi lwen, oganize w pou ou ale pi bonè oubyen ale rete tou prè Sant Sante oswa lopital kote tibebe a pral fèt la.

Chèche konnen ki paran oubyen zanmi w ki ka okipe kay la pou ou pandan ou pa la.

Sonje pote nan lopital la :

- Fich kanè oubyen livrè fanm ansent la;
- Kat idantite w oubyen yon lòt dokiman ofisyèl;
- Kèk rad pou ou ak tibebe a.

Lè timoun nan fèt nan kouch nòmal, li pi aktif,  
epi manman an reprann li pi vit.  
Sezaryèn dwe fèt sèlman lè li nesèsè.





## TIBEBE A FÈT

*Manman, papa, m panse kounye-a tout bagay pral diferan! M pral bezwen epi renmen manman-m e mwenn pral vle pou-m santi mwenn byen cho nan bra li, konsa m a santi-m pi byen pou-m abitye ak lavi isit la deyò vant manman mwenn!*

**Lè yon tibebe fèt se mirak Bondye ki reyalize!  
Se pou Tibebe a tounen yon siy lapè ak kè kontan pou tout fanmi an!**

Après akouchman an, si tout bagay byen pase manman an ak tibebe a dwe ansanm nan menm chanm. Se yon fason pou tibebe a tete chak fwa li vle epi pou manman an ka wè si gen yon pwoblèm.

Lèt manman se yon lèt ki konplè ki gen tout sa tibebe a bezwen pou l grandi jis rive sis mwa. Se mwayen ki pi an sekirite e ki pa koute chè epi ki pi senp pou nourir yon tibebe. Lèt manman soti tou prepare epi byen tyèd nan tete manman rive nan bouch tibebe a.

Tibebe ki tete manman li sèlman pandan sis premye mwa yo, pa bezwen bwè te, dlo oubyen ji. Paske non sèlman li byen nourri li santi li byen pwotege pa chalè kò manman l li kole sou li a.

Fòm tete a ak fòm pwent li pa yon pwoblèm pou bay tete. Sa ki pi enpòtan se jan tibebe a pran tete a pou li jwenn lèt.

Pou li byen tete, tibebe a dwe byen reveye, li pa dwe ap domi. Bouch li dwe antoure pifò nan pwent tete a. Anba bouch li dwe bay sou deyò epi babin li dwe byen apiye sou tete manman li pou li jwenn lèt.

Si ou gen difikilte pou bay tete, mande yon doktè oubyen yon enfimyè pou li ka ede w pi vit posib.

**Tibebe ki tete lèt manman sèlman pa gen dyare souvan,  
nemoni, doulè nan zorèy ak alèji.  
Pa gen lèt manman ki fèb!**





## PREMYE SEMÈN LAVI TIBEBE A

*Manman, papa! Mwen bezwen anpil atansyon ak tandrès pou m grandi nan kè kontan epi pou m gen lasante. M pral chanje lavi nou nèt. Chak jou nou pral aprann viv pi byen ansanm.*

**Se chans pou vant ki te pote w la ak tete ki ba w lèt la!  
Manman, pran swen tibebe mande renmen ak tan!**

Tibebe a pa gen yon lè egzat pou li tete. Bay tibebe a tete chak fwa li vle. Lè wap ba li tete, gade li ak tandrès, di li ti mo afektye, karese l ak delikatès. Lè sa tibebe a ap santi ou renmen li epi w ap pwoteje l.

Lè tibebe a fèt anvan lè li, li pa gen ase fòs, ou dwe reveye li souvan lajounen ni lannwit pou li tete. Lè sa tibebe a ap gwosi pi vit.

Lè pou ou benyen tibebe a, mete bò kote-w tout sa wap gen pou w itilize. Gade si dlo a pa twò frèt, ni twò cho anvan ou mete tibebe a ladann.

Pou evite po tibebe a gen tras rouj ou byen gen tiblese, chanje kouchèt li chak fwa li mouye, byen netwaye li epi seche ti dèyè tibebe a ak tout ti kwen ak ti pli.

Pwòpete ak swen lombrit la dwe fèt chak jou jiskaske lombrit la tonbe. Lè wap benyen tibebe a pa pè lave lombrit li ak dlo ak savon epi byen seche l.

Pase yon ti **alkòl 70°** nan lombrit la. Ou ka achte l nan famasi oswa nan sant sante a.

Pa mete bandaj ni senti sou lombrit tibebe a paske sa fè l pa respire byen epi li anpeche l seche.

Tibebe a bezwen yon batistè pou li ka sitwayen.





# Dòmì sou do pi bon, li bay plis sekirite!

Nou ka anpeche  
plis pase 70% tibebe  
mouri mò sibit.

**10B**



# Dòmni sou do pi bon, li bay plis sekirite!

Nou ka anpeche plis pase 70% tibebe mouri mò sibit. Pou tèt sa:

- **Pou li dòmi** : mete tibebe a kouche sou do.
- **Alètman** : jis rive sis mwa, bay tibebe a lèt manman sèlman.
- **Pa fimen e pa kite moun fimen nan kay la**, sitou pandan gwosès la ak lè gen timoun piti nan kay la.
- **Pa kouvri** tibebe a twòp.
- **Pa mete kousen, jwèt, zorye** ni okenn bagay ki mou nan bèso a.

Pou plis enfòmasyon, **pale avèk Ajan an.**

## SIY DANJE - TIBEBE JISKA DE MWA

Si tibebe a gen youn nan siy sa yo, ale lopital ak li touswit



Pa vle tete epi  
pa ka manje



Tibebe ki twò  
fèb, toujou anvi  
dòmi, pa ka  
kriye fò epi ap  
jemi



Gwo lafyè  
(tanperati pi wo  
ke oubyen egal  
ak 38°C)



Tanperati ba  
(pi ba ke  
oubyen egal a  
35°C)

## SIY DANJE - TIBEBE JISKA DE MWA

Si tibebe a prezante youn nan siy sa yo, ale lopital ak li touswit



"Atak"  
konvilsyon



Dyare



Lonbrit rouj  
k-ap bay pi



Anpil bouton  
(zanpoud) ak pi  
sou kò tibebe a



## PREMYE MWA LAVI

*Manman, papa! Lè m ap kriye se paske mwen anvi nou kenbe m nan bra nou, ou byen mwen grangou, oubyen mwen malad, oubyen mwen frèt oubyen paske mwen mouye. Se fason pa m pou m di nou sa mwen santi. Tipa tipa n ap konprann pi byen sa mwen santi!*

**Manman ak papa! kay nou dwe yon kote tibebe a kapab jwenn tout lanmou ak bonè li merite!**

Prezans ak èd papa a ak lòt moun nan fanmi an enpòtan anpil pou trankilite manman an ak tibebe a.

Papa pa ka bay tete, men li ka ede manman an, li ka benyen tibebe a, li kapab pwoche tibebe a bò tete manman an pou l kapab tete, li kapab pran li nan bra li sou zepòl li pou l fè li nann gaz, pou l fè li dòmi epi li ka ede manman an ranje kay la tou.

Eseye pran yon ti repo lè tibebe a ap dòmi, dekwa pou w ka ba li tout atansyon li bezwen lè li reveye pou l tete.

Pran tibebe a nan bra w lè l ap kriye, sa pa vle di ba li move abitud. Pou tibebe a, se montre papa l ak manman l ap montre l, yo renmen l y ap ba li atansyon, e jès sa rasire li.

Pi bon pozisyon pou tibebe a dòmi se mete li kouche sou do, mete tèt li yon tijan pi wo. Konsa tibebe a respire pi byen enpi pa gen danje, menm si li vomi.

Li bon pou tibebe a pran yon ti solèy chak jou avan 9 vè nan maten epi aprè 4 trè nan aprè midi. Nan lè sa yo, solèy la se yon sous pou lasante.

Pa bliye ale nan randevou pou konsiltasyon aprè akouchman an.

## Vaksinasyon

Li enpòtan pou nou mennen tibebe a nan sant sante a pou kontwole si li pran tout vaksen li dwe pran parapò laj li.



# SIY DANJE - TIMOUN SOTI NAN 2 MWA POU RIVE 5 LANE

Ale lopital touswit si tibebe a montre yonn nan siy sa yo




Pa tete, pa pran  
anyen likid  
oubyen pa  
manje



Fèb, ap kriye  
tou piti epi ap  
plenn



Atak  
(konvilsyon)



Pèdi anpil pwa,  
pal epi pye  
anfle

## SIY DANJE - TIMOUN SOTI NAN 2 MWA POU RIVE 5 LANE

Ale lopital touswit si tibebe a montre yonn nan siy sa yo



Gen difikilte pou li respire :

- Ap fè bri dwòl lè li ap respire
- Si ou wè zo kòt li lè li ap respire



Vomi tout bagay



Si li gen dyare epi li dezidrate :

- Kò li fè pli
- Je nan twou

Ale lopital ak Timoun nan touswit si li presante yonn nan siy sa yo.



## TIBEBE SOTI NAN 4 MWA RIVE 5 MWA

*Manman, papa, mwen konnen nou gen anpil bagay pou nou fè... men, chèche yon ti tan chak jou pou nou rete ak mwen, sèlman ak mwen, pou nou bo m, pale ak mwen, montre m bagay mwen ka jwe ak yo.*

*Mwen bezwen nou pran ka m, okipe m, renmen m!*

**Wayòm Bondye a se pou timoun yo! Jezi te konn bo timoun yo, pale ak yo.  
Lè ou se yon papa oubyen yon manman se egzanp Jezi wa p swiv!**

Lèt manman se pi bon manje pou tibebe a. Si tibebe a tete sèlman, se nòmal pou l gwosi.

Aprè 4 oubyen 5 premye mwa kote Tibebe a ap tete manman l sèlman, li kontinye gwosi, men pa twò vit. Se yon bagay nòmal, men sa pa vle di se lèt manman an ki fèb.

Si ou dwe retounen nan travay, vin pale ak mwen, Ajan Pastoral Timoun Piti yo, pou m èsplike w kijan ou ka pire lèt la, epi konsève l pou timoun nan ka jwenn lèt pandan ou pa la.



Pafwa tibebe a konn kriye lè li pou kont li. Fè yon fason pou fè tout sa ou dwe fè nan kay la tou pre tibebe a pou w ka gen yon je sou li epi pale ak li.

Nan laj sa a li bon pou toujou benyen tibebe a nan menm lè, fè menm jan tou pou manje l ak dòmi li. Si w pa fèl konsa, tibebe a ap vin enève lèl santi gen chanjman nan lavi li chak jou.

Chak lè ou fin bay tibebe a tete, pase yon ti twal mouye e pwòp nan zansiv li, nan figi l (anndan bouch li) ak nan lang li tou. Sa ap retire rèlèt yo e tibebe a ap abitye ak ti bouch li pwòp.

## Vaksinasyon

Li enpòtan pou nou ale nan sant sante ak tibebe a pou nou kontwole si li pran tout vaksen li ta dwe pran yo dapre laj li.





## TIBEBE SOTI NAN 6 RIVE NAN 8 MWA

*Manman, menm si mwen manje ti manje ou fè pou mwen yo, ou konnen, mwen toujou bezwen tete. Konsa m ap vin pi fò, pi an sante epi mwen kontan lè m bò kote w!*

**Paran yo! Fòk nou kontan, fòk nou senp, janti epi pasyan.  
Mete lapè nan fanmi an, pou n konsève linite Lespri a.**

Tibebe a pral kòmanse manje lòt manje ki pa lèt manman. Sa mande pasyans pou manman ak moun k ap okipe tibebe a. Nou pa dwe ni fòse ni bay timoun nan kou pou li manje. Li dwe trankil poul li byen manje.

Nan kòmansman, fòk nou kraze manje yo paske timoun nan poko ka kraze. Chak jou mete yon ti kichòy anplis sou kantite manje nap bay timoun nan.

Lè tibebe a krache manje a, sa pa vle di li pa renmen l, li poko abitye avèk manje sa. Fòk nou ba li menm manje a yon lòt lè.

Nou pa dwe mete sik, ni adousi manje tibebe yo. Sik se youn nan bagay ki lakòz dan yo kòmanse gate.

Kontinye netwaye bouch tibebe a avèk yon ti twal byen pwòp epi kòmanse bwose ti dan ki ap parèt tanzantan yo, san pat, sitou avan l dòmi.

Si tibebe a gen dyare, fòk nou kontinye ba l manje epi ba li sewòm nou fè lakay nou, pa ba li anpil yon sèlkou, ba li yon ti kantite plizyè fwa nan jounen an. Sa ap evite li dezidrate, ki vle di pèdi twòp dlo nan kò l.

Mande m èsplikasyon, si nou pa konn kijan pou nou fè sewòm lakay nou oubyen si nou bezwen yon ti kiyè mezi.

## **Vaksinasyon**

**Li enpòtan pou nou ale nan sant sante ak tibebe a pou nou kontwole si li pran tout vaksen li ta dwe pran dapre laj li.**





## **Pastoral da Criança Internacional**

Rua Jacarezinho, 1691  
80810-900 • Curitiba - PR  
[www.pci.org.br](http://www.pci.org.br)